# HAZIRGI ZAMAN JASLARINA MUZIKANIŃ TÀSIRI

**Aralbaeva Dametken Jeńisbay qizi**
Nòkis màmleketlik pedogogikaliq instituti Pedogogika
fakulteti Muzika tàlim bağdari 1-kurs student.

***https://doi.org/10.5281/zenodo.15730578***

***Anotatsiya.*** *Bul maqalada jaslar tárbiyasında muzika mádeniyatın úyretiwde milliy qosıqlardıń áhimiyeti hám róli, muzika mádeniyatı haqqında sóz etilgen.*

***Gilt sózler:****muzika, tárbiya, tárbiyashı , milliy, kórkem-óner.*

# THE INFLUENCE OF MUSIC ON MODERN YOUTH

***Annotation.*** *This article discusses the importance and role of national songs in the organization of musical culture in the upbringing of youth, as well as musical culture.*

***Keywords:*** *music, upbringing, educator, national, art.*

# ВЛИЯНИЕ МУЗЫКИ НА СОВРЕМЕННУЮ МОЛОДЕЖЬ

***Аннотация.*** *В данной статье рассматривается значение и роль национальных песен в организации музыкальной культуры в воспитании молодежи, а также музыкальная культура.*

***Ключевые слова:*** *музыка, воспитание, воспитатель, национальный, искусство.*

Muzika–erteden kiyatırǵan kórkem óner túri. Ol ómir menen baylanıslı túrde júzege kelip real dúnya waqıyaların sáwlelendiredi hám súwretshilik yamasaadabiyatqa salıstırǵanda waqıyalıqtı basqasha bayanlaydı. Muzikadaǵı hawaz obrazları menen real waqıyalıqobrazları ortasındaanıq uqsaslıq joq. Muzika insanlardıń ruwxıy jaǵdayın, sezimlerin, pikirlerin, tolǵanıslarin ulıwmalastırılǵan kórkem obrazlar menen jetkeredi.

Mámleketimizde jas áwlad tárbiyasına keń kólemli itibar berilip kelininiwinde, ásirese mektepke shekemgi bilimlendiriw sistemasınıń birlemshi hám áhmiyetli ekenligi kórsetiledi. Bul baǵdaradaǵı jumıslardı shólkemlestiriwde, salamat áwlad tárbiyasın jetilistiriwde, jetik kadrlardıń támiyinleniwi áhmiyetli bolıp tabıladı. Mámleketimiz basshısınıń 2017-jıl 30-sentyabrde «Mektepke shekemgi bilimlendiriw sistemasın túp-tiykarınan jetilistiriw ilájları haqqında»ǵı pármanı qabıl etildi. Pármanda áhmiyetli wazıypalar hám tiykarǵı baǵdarlar belgilep berildi.

Usı qarar boyınsha, bul tarawda óz aldına ministrlik – Ózbekıstan Respublikası Mektepke shekemgi bilimlendiriw ministrligi shólkemlestirilip, jańa ministrlikke mektepke shekemgi mákemeleriniń mámleketlik hám mámleketlik emes tarmaǵın keńeytiw, materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew, olardı maman pedagog kadrlar menen támiyinlew, mákemelerge balalardı qamtıp alıwdı keskin kóbeytiw, tálim-tárbiya processlerine zamanagóy bilimlendiriw baǵdarlamaları menen texnologiyaların engiziw arqalı balalardı mektepke tayarlawdıń sapasın túp-tiykarınan jaqsılaw wazıypaları júklendi.

Ullı babamız Abdulla Avlonıydiń aytqanınday, «Tárbiya máselesi biz ushın shınında da ya mádet, ya apat, ya baxıt, yamasa baxıtsız hádiyse máselesi bolıp tabıladı», degen edi. Bul danalıq pikir óz aktuallıǵı menen áhmiyetin hesh qashan joytpaytuǵın, atap ótiw orınlı bolǵan máselelerden biri sanaladı. Bunday iskerlikte, búgingi kúnde barǵan sayın keń tarqalıp atırǵan «Óz balańdı óziń saqla!» degen shaqırıq tek ǵana uran bolıp qalmastan, hár bir ata-ananıń, hár bir puqaranıń kewline, júregine tereń kirip barıwı, ámeliy háreketke aylanıwı ushın hár qanday mákemelerde óz juwapkershiligin anıq túrde dáwir talabına aylandırılıwı zárúrligi talap etilmekte.

Sonı isenim menen aytıw múmkin, bul ǵárezsizligimizdiń dáslepki kúnlerinen fizikalıq salamat hám ruwxıy jetik bárkamal áwladtı tárbiyalaw eń áhmiyetli wazıypa etip belgilengen social baǵdarlanǵan mámleketlik siyasat bolıp tabıladı. Bunday jumıslardı ámelge asırıwdıń maqseti, xalqımızdıń arzıw úmiti bolǵan bárkámal salamat balanı tárbiyalawday iygilikli iskerlikke únles bolıp ketedi. Hár birimiz perzentlerimizdi hár tárepleme jetik insan bolıp tárbiyalanıwında olardıń baxtı, aydın keleshegin kóriwdi niyet etiwde húkimetimiz belgilep bergen wazıypalardı ámelge asırıp barıwımız zárúr. Jas áwladtı tárbiyalawda milliy oyınlardıń rolin atap ótiw orınlı boladı. Milliy oyınlar xalıq tárepinen dóretilgen hámde jasına qaramastan, balalar súyip oynawı menen ajıralıp turadı. Ata babalarımız da perzentleriniń qıyınshılıqlar aldında albıramay, qorqpaytuǵın hám dáwjúrek bolıwlarına kómek beriw ushın milliy oyınlardı tárbiya quralı sıpatında qollanǵan. Milliy xalıq oyınları mádeniyattıń sarqılmas ǵáziynesi esaplanadı. Ómirde salamat bala ata-ananıń quwanıshı bolıp, perzentiniń saw-salamat, tetik, kúshli, shıdamlı, shınıqqan adamzat bolıwın qálemeytuǵın ata-ana bolmasa kerek. Sol sebepli barlıq máwsimlerde oyınlardı súyiwi kerek. Milliy oyınlar erte zamanlardan, xalıq máresimlerinde, saltdástúrlerinde, úrp-ádetlerinde sáwlelengen. Olar mıń jıllar dawamında rawajlanıp, qáliplesip eń jaqsıları biziń dáwirimizge shekem jetip kelgen. Olardan «Dar oyını», «At ústinde gúres», «Oqjaydan oq atıw», «Ílaq», «Belbewli gúres», «Qaqpan», «Kim shaqqan», «Aq terekpe, kók terek», «Jasırınbaq», «Quwıspaq», «Arqan tartısıw», "Oriental Art and Culture" Scientific-Methodical Journal - (3) III/2020 ISSN 2181-063X 524 http://oac.dsmi-qf.uz «Kóz baylap oynaw». «Mańlay shertpek», «Qasharman», «Shúllik» hám t.b. oyınları balalardı shaqqanlıqqa, epshillikke, teń salmaqlılıqtı saqlawǵa úyretiw menen birge olardıń qáddi-qáwmetin shıraylı, gózzal bolıp ósiwine hám salamatlıǵı kúshli intellektual dárejesi joqarı bolıwına járdemlesedi. Xalıq oyınları arasında haywanlar hám quslar temasına baǵıshlanǵan júdá kóp qızıqlı oyınlar bar, «Kepter oyını», «Shaǵala», «At oyını» hám t.b. oyınlar keńnen dástúr bolıp, bunda babalardıń tábiyatqa degen múnásibetlerin rawajlandırıwǵa baǵdarlanǵan.

Kópshilik xalıq oyınları ata babalarımızdan balalar hám aqlıqlarǵa ótken.

Perzentlerimizdiń sana sezimin ósiriwde, bilim dárejesin, sóz baylıǵın asırıwda xalıq oyınlarınıń áhmiyeti úlken.

Úlken jastaǵı adamlar ushın miynet etiw áhmiyetli sanalsa, balalar turmısında oyınlar olardıń qızıǵıwshılıǵın, pikirlewin, ortalıqtaǵı waqıyalarǵa múnásibetlerin qáliplestiredi. Sonday-aq oyınlar úrp-ádetler, milliy qádiriyatlar hám mádeniyatti úyrenip barıwda teoriyalıq dereklerge súyenedi. Háreketli oyınlar túrli qıyınshılıqlardı jeńiw, baladaǵı pazıyletlerdi qáliplestiriw, uqıbın kórsetiwge baǵıshlanǵan fizikalıq shınıǵıwlardı óz ishine aladı. Bunnan tısqarı balalarǵa quwanısh baǵıshlaytuǵın hárkektli oyınlar áhmiyetli sanaladı. Háreketli oyınlarǵa júriw, juwırıw, sekiriw, zat ılaqtırıw, órmelep shıǵıw sıyaqlı shınıǵıwlar kiredi hám balanıń háreketlerin bekkemleydi. Háreketler arqalı balanıń fizikalıq uqıbı rawajlanadı, júrek hám dem alıw organlarınıń jumıs islewi jaqsılanadı. Oyınlar arqalı bala tárbiyası - olarda Watandı súyiwshilik, biradarlıq, doslıq, jámleskenlik, insaniylıq, dáwjúreklik, batırlıq, keleshekke umtılıwshılıq, ar-namıs, húrmet-izzet, miyrimlilik sezimlerin rawajlandırıwǵa járdem beredi.

Mámleketimiz Prezidenti Sh. Mirziyoev búgingi dáwir jasları aldına úlken maqsetli wazıypalar qoyıp, bunda eń dáslep shet tilin jetik meńgeriwi, sonıń menen birge jańa innovacion texnologiyalar boyınsha iskerlikti ámelge asırıw máseleleri talap etilmekte. Jámiyetimizdiń házirgi rawajlanıw basqıshında jas áwladtıń tálim-tárbiya islerine kóbirek itibar berilip, hár bir tarawdıń óz mamanı bolıwı kerekligindey, balanıń ishki dúnyasına jol taba alıw maqsetinde tálim-tárbiya qurallarınan paydalanıw zárúrligi tuwılmaqta.

Bunday qurallardıń biri – balalar menen qarımqatnas máselesi bolıp tabıladı. Bala til arqalı bir-birleri menen aktiv kommunikaciyada bolıw, insan ómirindegi eń tiykarǵı orındı iyeleydi desek aljaspaǵan bolamız. Bunda balanıń ruwxıy jaqtan rawajlanıwına úlken tásir kórsetilip, kóplegen ilimpazlardıń tastıyıqlawına qaraǵanda qarım-qatnas ómirde jańa bilim, tájiriybe kónlikpeleriniń payda bolıwı tiykarǵı basqısh dep esaplaǵan. Qarım-qatnastıń hár túrli quralları bul, awızeki sóylew arqalı qarım-qatnas, yaǵnıy óz pikirin til arqalı jetkeriw, jazba tili, bunda jazba túrdegi sóylesiwler, háreket mimika, ımlaw pantomimo, qol háreketi, jestler arqalı qarım-qatnaslar jasaw "Oriental Art and Culture" Scientific-Methodical Journal - (3) III/2020 ISSN 2181-063X 525 http://oac.dsmi-qf.uz túsiniledi. Qarım-qatnas funkciyalarında óz-ara xabarlar almasıw, tárbiyalıq, birbirlerine óz-ara tásir kórsetiwden ibarat bolıp tabıladı.

Balalarımızdıń hár tárepleme kámil insan bolıp keleshekte bilimli, aqıllı el perzentleri bolıp jetilisiwinde shet tillerin olarǵa úyretip barıwda eń áhmiyetli másele bolıp tabıladı.

Prezidentimiz Sh. Mirziyoev óz sózinde «Tálim hám tárbiya sistemasınıń bárshe buwınları processin búgingi zaman talapları tiykarında jedellestiriw birinshi dárejeli wazıypamızdur» degen edi. Tárbiyalıq islerdi dáwir talabına juwap beretuǵın jaǵdayǵa alıp keliw ushın tárbiyanıń tiykarı bolǵan bárshe ideyalardı tájiriybede qollanıw maqsetke muwapıq boladı. Sonıń ishinde, jas áwladtı erkin pikirlewge tayarlaw, turmıs mazmunın túsinip alıwǵa kómeklesiw, ózin qadaǵalawdı qáliplestiriw, shaxslıq turmıs maqsetlerine durıs baǵdarlanıw, olarda rejelestiriw hám ámel etiw sezimlerin oyatıw sıyaqlı jumıslardı ámelge asırıw maqsetke muwapıq sanaladı. Shańaraq tárbiyasınıń ózine tánligi, onıń áhmiyeti, dástúriyligi, milliy hám ulıwma insanıylıq ruwxıy qádiriyatlar diziminde tutqan ornı shańaraq ortalıǵınıń bárkamal áwlad hám kámil insan tárbiyasındaǵı áhmiyetli rolin atap ótiw orınlı. Usı másele boyınsha júdá áhmiyetli bolǵan ibratlı pikirler bizge miyras bolıp jetip kelgen.

Muzika tuwrıdan tuwrı biziń ishki sezimlerimizge,tolǵanıslarımızǵa tásir etkenligi sebepli, tıńlawshı shıǵarmada sáwlelengen waqıyaǵa qıyalıy qatnasıp, obrazǵa kirip ketiwge májbúr boladı. Sol sebepli de muzika bir waqıttıń ózinde million-milion kisiniń sezimlerine, tolǵanıslarına ishki tuyǵılarına tásir etedi.Olar bir- biri menen usı sezimler arqalı baylanısadı.

Bul muzikanıń eń tásirli, hám ózine tán qásiyeti esaplanadı. Bul ishki sezimlerge tásir etiw qasiyeti hámmege tanıs bolǵan gimnlerdi, xor menen aytılıwshı qosıqlardı aytıw arqalı kópshiliktiń ańına sanasına qozǵaw salıwda ornı úlken. Mısalı, “Bozataw”, “Muxalles”, “Adıńnan” t.b.muzikalıq shıǵarmalarınıń tásir kúshi óz aldına. Bul muzikalıq shıǵarmalar adamnıń tek ishki sezim hám tuyǵılarına emes, sonıń menen birge olardıń kózqaraslarına da keskin tásirin tiygizedi. Muzika basqa óner túrleri sıyaqlı ómirdińtúrli qırların obrazlar arqalı kórsetipberedi. Muzikadaǵı obrazlar mazmunınıń tiykarı eń birinshi insannıń ishki sezimlerinen, tolǵanıslarınan, kewil xoshınan turadı. Muzika obrazlarında tiykarǵı orındı usılar iyeleydi. Sonday-aq, kózaldına elesletip, súwretlep beriwqásiyeti de muzikalıq shıǵarmalarda ushırasadı.

Muzika dawısqa uqsaslıq qılıw arqalı tıńlawshınıń sanasında, kózaldında bolıp atırǵan waqıyanıń kartinkaların hám obrazların kórsetiw ushın mólsherlengen usıl. Muzikalıq shıǵarmawaqıt aralıǵında jasaydı hám usı waqıt dawamında insannıń ishki sezimlerinde, tolǵanıslarında hám pikirlerinde ruwxıy jaǵdayın ezgertip onıń nazik sezimlerine tásirin tiygizip otıradı.

Ishki sezim- tuyǵılar muzika ushın súwretlep beriw predmeti bolıwı menen birge keń turmıslıq mazmundı ashıp beriw quralı bolıp ta esaplanadı. Muzikada sáwlelengen ishki sezimler, tuyǵılar waqıyalarǵa baylanıslı bolmaǵan taza abstrakt emociyalar emes.

Olar barlıq waqıtta anıq kózqaras tiykarında tańlanǵan, payda bolǵan insan ómirinde kerek bolǵan sezimler hám tuyǵılar.

Bul sezimler onı qorshaǵan ortalıqtıń tásirinde payda bolıp turmıs waqıyaları tiykarında payda bolǵankóz qaraslardı ideyalardı sáwlelendiredi. Usı sebepli muzika tereń ideyalıq mazmunǵa iye.

Muzikanıń jetkerip beriwshi quralı hawazlar arqalı insannıń barlıq ishki dúnyasın lárzege salatuǵın qural muzikada nama esaplanadı. Sazda adamnıń kewlinde keshipatırǵan shadlıqtı, qayǵını, yoshtı, kewil tolǵanısların sáwlelendirip beriw imkaniyatları oǵada mol, hám kóp qırlı.

Solay etip, saz, nama-sırtqı dúnyadan alınǵan qıyallardı yamasa adamnın óz kewil xoshın hawazlar, dawıslar járdeminde kórsete biliw, yaǵnıy hawazlar jardeminde obrazlı pikir júrgiziu bolıp tabıladı. Usınıń menen birge nama basqa sazlar menen kosılıp muzika ideyasıya rawajlandıradı, oǵan anıqlıq, kóp qırlı ózgersiler kirgizedi. Bul polifoniya, yaǵnıy kóp hawazlılıq dep ataladı. Xalıqtaǵı "Xáwjar" aytıwlar sonday-aq,  xor bolıp aytılatuǵın qosıqlar buǵan mısal bola aladı. Xorda xalıqtıń barlıq qosıqları polifonik túrinde aytıladı. Sonday- aq xalıqtın "Qara jorǵa" naması usı taypaǵa kiredi.

Bul shıǵármanıtınlaǵanda, qaraqalpaqsaxralarında duwtarnamasınıń" janrap shıǵıwı, jorga juriste jaqınlasıp kiyatırǵan atlardıń dúrsildisi, qaraqalpaq xalqınıń adamǵa jaǵımlı ırǵaqları esitiledi. Atlar ásten uzaqlaspaqta. Shól saxrasında jorǵa mingen jigitler bir-birine birigip úlken kúsh, yosh kórinislerin payda etedi. Xalıqtıń quwnaq, shaqqan tirishilik turmısı sáwlelenedi.

Xalıq pedagogikasında duwtar ásbabı menen aytılatutın muńlı, dártti bayanlayshı qosıqlar vokal muzikasınıń ken tarqalǵan janrı bolıp esaplanadı. Bunda lirik sezimlerdi, tuyǵılardı, qayǵı-hásiretti, yadqa alıw, tábiyattı súyiwdi hám onı sáwlelendiriw múmkin. Muzika sózlerdiń tásirsheńligin kúsheytiredi. Waqıyalardıńmazmunın ashıp beredi, munlı qosıqlarda ("Bozataw") sózler menen jetkerip beriw qıyın bolǵan barlık hádiyseler pafos hám emociya menen toltıktırıladı. Shınında da Ajiniyazdıń Bozataw naması poetik tekst penen muńlı. tásirli nama organikalıq rawishte baylanısıp ketken. Bul nama taza, anıq, ashıq lirikanın ájayıp korinisi bolıp esaplanadı.

Muzikanı sóz benen sintez qılıwdı Nalısh namasında kóriwge boladı. Muzikanıń bir áhmiyeti onıń insan háreketi menen baylanısqanı bolıp esaplanadı.

Turmıstı konkret hám realistik kórsetiw ushın xalıq namalarında muzikanı konkretlestiriwgetıńlawshılar fantaziyasın bir tegis sáwlelendiriwge umtılıw orın alǵan. Muzika tili insannıń eń názik ishki sezimlerin kórsete alıw imkanına iye bolıp, tıńlawshıda obrazlı eslewdi payda etedi. Muzika tilin sóz arqalı kórsetiw yamasa, jetkere biliw qıyın. Muzika insannıń tuyǵıların, bul tuyǵılardıń payda bolıwın, rawajlanıwın bir- biri menen tuyisip birlesiw barısın kórsetip, súwretlep beriw imkanına iye. Muzika emocional baylıǵı menen insan ańına aktiв tásir kórsetip, onı oylawǵa májbur etedi, tereń pikir júritiwge itermeleydi. Sonıń ushın muzika obrazlardın tolıq emocional baylıǵın, ondaǵı ulıwmalıqlardı, sezimlerdi, sezim-tuyǵılardı hám ideyalardı kaldırmastań kórsete biliw imkaniyatın beredi, xalıqtıń talap tilegi xam tereń qayǵıları, muhabbat hám baxıt jolına qarsı bolıwshı qara kúshler, jámáátte gi miynet pafosı hám tábiyat obrazları biriktirilip beriledi.

Muzikanın eń ápiwayı janrı- ámeliy muzika, yaǵnıy oyınǵa birigiwshi, yamasa toy-merekelerde shertiletuǵın, otırıspalarda atkarılatuǵın muzikalar.

Tıńlawshılar muzikanıń xarakterli ritmine, atqarılıp atırǵanshıǵarmanın ulıwma dúzilisine karap olardıńózgesheliklerin ańsat ayırıp aladı. Hámmege tańıs bolıp kalǵan Shaǵala (Balıqshılar oyını) tıńlawshıǵa qattıraq, shaqqanırak oyındı esletedi, onda koterinki keypiyat payda etedi.

Muzikanıń emocional baylıǵı adamnın sezimin titirkendiredi, muzika obrazınıń rawajlanıwın guzetip barıwǵa, bolıp ótken waqıyalar ústinde oylawǵa májbúr etedi. Muzikadan shıǵarılǵan ideyalıq sheshimler kitaplarda payda bolǵan sheshimlerdey ashıq, hám anıq emes, biraq kóp muzikalıq shıǵarmalardaǵı ideyalıq mazmunnıń kúshi oǵada joqarı.

Xalıqtıń muzikalıq shıǵarmaları adamlardıń, onı qorshaǵan bolmısqa, adamlardıń is-háreketlerine, tábiyat hámturmıs hádiyselerine kózqarası, qatnasın ulıwmalastırıw qasiyetine iye.

Muzika estetikalıq mádeniyattın ósiwine, bayıwına, kóteriliwine tásir kórsetedi. Muzika insan xarakterine gózzallıq nızam-qaǵıydalarına baylanıslı bayanlanılıp, ishki sezimlerimiz hám pikirlerimizdi, mádeniyatımızdı joqarıǵa kóteredi. Muzika insannıń turmıstı, ómirdi estetik ańlawına, tańıwına, eristirip onı túsindiredi hám rawajlandıradı. Sonday tez tásir etiwshi, kewilli, joqarı hawazlı muzikalar, qosıqlar adam yadında tez saqlanıp qalınadı hám uzaq waqıt kaytalanıp júriledi hám uzaq jasaydı.

Haqıyqıy xalıqlıq muzikanı súyiw ushın jaslardı muzikaǵa qızıqtırıwǵa, hám onı muzikanı tıńlawǵa tayarlawzárúr ekenin xalıq jaksı túsingen. Haqıyqıy xalıqlıq muzikada onıń barlık atkarıp beriw, kórsetiw, insan ańına tásir etiw quralları iske qosıladı, muzika tiliniń barlık baylıklarınan paydalanıladı. Solay etip muzika tili muzikanıń óziniń rawajlanıw barısında jetilisip bayıp barar eken, onda muzikanı tereń sezip túsiniw, biliw ushın muzikanı tıńlawdı úyreniw kerek, muzikanı esitiw tájiriybesine iye bolıwı tiyis. Muzikanı tereń túsiniw ushın muzikalıq shıǵármanı bir neshe ret aqırına shekem tınlap, oylanıp tınlaw zárúr.

Xalıqtın ishinen shıqqan muzikantlar kórkem ónerdin nazikligin sáw lelendirip kórsete biliw eńzárúr is dep bilgen. Olar dińkeni kurıtıwshı ádilsizlik sebepli payda bolǵan tosqınlıklarǵa qaramay, kópshilik adamlarda kórkem ónerge bolǵan qızıǵıwshılıq olarda keleshekke, ómirge, jaqsı turmıska degen isenimdi oyatqan, háwijlendirgen, estetikalık, seziw qábiletlerin ósirgen.

Xalıqtın sazende baqsıları muzika ónerin ezlerine isenimlilik penen, kúsh ǵayratın ayamastań kópshiliktiń tamasha qılıwına, olarǵatez jetip barıwına, túsiniwine miynetlerin ayamadı. Biraq totalitar dizimi dáwirinde xalıq namaların úyreniwge oǵada kem kewil bólindi. Milliy ǵárezsizlikten soń ǵana mádeniyat ushın kerek bolǵan barlık zárúrliklerdi, shárt-sharayatlardı jaratıw orın aldı. Xalıqtı estetikalık tárbiyalaw wazıypasın alǵa qoydı. Keyingi jıllarda muzika fakultetleri bolǵan mádeniyat universitetleri, muzika lektorları, konsertler ciklleri keń tarqaldı, muzika-estetika ádebiyatların basıp shıǵarıw jolǵa qoyıldı. Shınında da xalıqtıń muzika ónerin úyreniw hám suyiw jaslarǵa barlıq joqarı, biyik sezimlerdi, tuyǵılardı, arzıw-ármanlardı, jańa ideyalardı ashıp beredi. Ol adamdı ruwxıy jaqtań bay, jetilisken etedi. Muzika járdeminde insan ózide jańa kúsh jiger, tolǵanıslar toplaydı, turmısqa jańasha kózbenen qaraydı, basqalardı túsiniwge háreket etedi. Muzika adamdı eń bárkamal, jańa ideyalarǵa umtıldıradı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Алеуов У. Музыкалық тәрбияның тарийхый дереклери // Материал РНТК «Роль Амир Тимура в истории культуры центральной Азий» Нукус, КГУ. 2006.
2. Алеуов У. Музыка ҳәм эстетикалық тәрбия // Ғәрезсизлик дәўиринде театр өнериниң раўажланыўы. Республикалық илмий-теориялық конференция материаллары. ӨзМКӨМИ Нөкис филиалы. Нөкис, 2014.

3. Адамбаева Т, Алланазаров Д, Алымов А. Творчество знаменитого бақсы Генжебая Тилеумуратова. Нукус: Каракалпакстан, 2002.
4. Адамбаева Т. «Революцияға шекемги қарақалпақ музыкасы». «Қарақалпақстан» баспасы. 1976.
5. Алламуратов А., Доспанов О., Тилеумуратов Г. Қарақалпақша көркем-өнер атамаларныń сózилиги. Нóкис 1995.
6. Алламуратов А. «Қарақалпақстан искуствасыныń тарийхынан» «Қарақалпақстан баспасы» Нөкис 1968.